b. Gadhah niat badhe nyulik	d. Nglarani
7. Miturut laporanipun *kawula* girah.
Tembung wonten inggil punika ingkang kacitak miring gadhah teges.....

a. Kula	c. Kawula
b. Batur / abdi	d. Tiyang
8. Wonten cariyos wau tokoh utamanipun inggih punika.....

a. Sinuwun Airlangga	c. Calon Arang
b. Retna Manggalih	d. Bahuku

9. Manapa sebabipun Nyai Calon Arang dipun pejahaken dening Mpu Bharadha.....
 - a. Amergi kathah tiyang sanes sampun dados kurban Nyai Calon Arang
 - b. Amergi Nyai Calon Arang gadhaih pangeblug mayangkara
 - c. Amergi Nyai Calon Arang gadhaih ngelmu guna-guna
 - d. Amergi Nyai Calon Arang gahaih ngelmu petang
10. Banjur dianakake pawiwahan climen naging cukup *regeng*.
Tembung wonten inggil punika ingkang kacitak miring gadhah teges.....

a. Katingal sepi	c. Rame
b. Regeng	d. Katingal kathah tiyangipun

II. Wangsulana pitaken ing ngisor iki kanthi cekak aos!

1. Manapa piwulang ingkang saged kapethik saking cariyos Calon Arang wau?
2. Kados pundi pamanggih para siswa ngengingi cariyos Calon Arang menika?
3. Karingkesa cariyos Calon Arang kanthi cekak aos!
4. Cobi kasebataken asmanipun tokoh-tokoh wonten cariyos Calon Arang?
5. Calon Arang menika kagungan ngelmu petang inggih punika ngelmu?

7. Metode Pembelajaran

Ceramah, Tanya Jawab.

8. Langkah-langkah Kegiatan Pembelajaran (2 x 40 menit)

No.	Kegiatan	Keterangan	Waktu
1.	Pendahuluan	a. Pembukaan (mengkondisikan kesiapan siswa) b. Apersepsi	5
2.	Inti	a. Guru membagikan cerita “Calon Arang” b. Siswa membacacerita d. Siswa menjawap pertanyaan isi bacaan c. Guru melakukan penilaian	40
3.	Penutup	a. Memberi kesempatan siswa bertanya b. Menyimpulkan materi	10
4.	Tindak lanjut	Penugasan (siswa menjawab soal pilian ganda dan essay)	25

9. Alat/sumber belajar

- a. Alat belajar : *hand out*
- b. Sumber belajar: Djaka Lodhang edisi 08, 26 juli 2008 halaman 2 dan 51.

10. Media pembelajaran

Hand out

11. Penilaian

- a. Teknik penilaian : Test.
- b. Bentuk Instrumen : pilian ganda 10, essay 5.

12. Evaluasi

No	Indikator	Instrumen	Kriteria	Skor
1	Siswa dapat menjelaskan isi cerita	- PG	- Ketepatan isi	10
		- Karingkesa cariyo Calon Arang kanthi cekak aos!	- Ketepatan isi	4
		- Cobi kasebataken asmanipun tokoh-tokoh wonten cariyo Calon Arang!	- Ketepatan isi	4
		- Calon Arang menika kagungan ngelmu petang inggihpunika ngelmu?	- Ketepatan isi	4
2	Siswa dapat menjelaskan ajaran moral	- Manapa piwulang ingkang saged kapethik saking cariyo Calon Arang wau?	- Ajaran moral	4
3	Siswa dapat menaggai isi cerita	- Kados pundi pamanggih para siswa ngengingi cariyo Calon Arang menika?	- Pendapat siswa	4
Skor				30

13. Kriteria Penilaian

a. Panduan Pilian Ganda

No	Jenis Soal	Skor	Kriteria
1	PG	10	Untuk jawaban tepat

b. Panduan Uraian

No	Jenis Soal	Skor	Kriteria
1	a. Karingkesa cariyos Calon Arang kanthi cekak aos (soal no 3)	4 3 2 1	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila ejaan, isi, kejelasan alur pada cerita tepat - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat
	b. Cobi kasebataken asmanipun tokoh-tokoh wonten cariyos cariyos Calon Arang (soal no 4)	4 3 2 1	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila dapat mencangkup ketepatan nama tokoh, ejaan dan rinci - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ketepatan nama tokoh, ejaan, rinci) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ketepatan nama tokoh, ejaan, rinci) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat
	c. Calon Arang menika kagungan ngelmu petang inggih punika ngelmu (soal no 5)	4 3 2 1	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila isi sesuai dengan cerita, ejaan tepat dan runtut - Apabila satu diantara ketiga kriteria (isi sesuai dengan cerita, ejaan tepat, runtut) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (isi sesuai dengan cerita, ejaan tepat, runtut) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat

2	Ajaran Moral - Manapa piwulang ingkang saged kapethik saking cariyos Calon Arang wau (soal no 1)	4 3 2 1	- Apabila siswa dapat menyebutkan ajaran moral, ejaan tepat dan tidak menggunakan bahasa Indonesia
			- Apabila satu diantara ketiga kriteria (ajaran moral, ejaan, tidak menggunakan bahasa Indonesia) kurang tepat
			- Apabila dua diantara ketiga kriteria (ajaran moral, ejaan, tidak menggunakan bahasa Indonesia) kurang tepat
			- Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat
3	Pendapat Siswa - Kadospundi pamanggih para siswa ngenggingi cariyos Calon Arang menika (soal no 3)	4 3 2 1	- Apabila kesesuaian isi, ejaan tepat dan tidak memakai bahasa Indonesia
			- Apabila satu diantara ketiga kriteria (sesuaian isi, ejaan tepat, tidak memakai bahasa Indonesia) kurang tepat
			- Apabila dua diantara ketiga kriteria (sesuaian isi, ejaan tepat, tidak memakai bahasa Indonesia) kurang tepat
			- Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat

Kriteria keberhasilan :

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Pilihan ganda} + \text{essay}}{2} \times 100 = \text{Nilai akhir}$$

30

Dikatakan berhasil jika siswa mendapat nilai minimal 65

Nilai akhir = Skor maksimum

Bojongsari, 29 Juli 2011

Mengetahui,
Guru Kelas


(Ngadmin)

NIP. 130297109

Pengamat


(Laras Wigati)

NIM. 07205244186

Citra Rakyal

Karajan
Kahuripan, taun
1032 Masehi.....

Pageblug Malyangkara turmanduk sebagian wilayah negara Kahuripan. Pageblug kang sumbere saka mbok randha Girah si Calon Arang iku nekakake kurban sing ora seithithik. Sjiuwun Airlangga uga wis utusan patih Narrottama sawadya kanggo ngrangket Calon Arang, nanging gagal tan antuk gawe. Mula srinata nuli nimbal Mpu Bharadha brahmaning praja.


"Miturut laporanipun kawula Girah, anakipun Calon Arang nama Retna Manggali punika rak tansah tiampik jejaka ingkang ngesir. Alesanipun dene biyungipun nggilut ngelmu peteng, makaten bapa." Sri Airlangga manabda.

"O ngaten ta. Inggih 'sampun, mangke pun bapa ingkang badhe mbudidaya. Samangke kula nyuwun pamit wangsul dhateng Lemah tulis." ature Mpu Baradha.

Ing sawiji dina nyai Calon Arang nampi tamu kang sumedyah nglamar Retna Manggali. Sing dilamar wis nici ayem. Tamu iku ngaku asal saka desa Soka, aran nalagati lan Gunasem, ngaku pamane si Bahuka sing kepingin dhaup karo Retna Manggali. Mula tekane iku sumedyah nglamar lan masrahaake sandhangan lan mas picis rajabrama minangka pitukon. Mesthi wae lamaran sing wis suwe diarep-arep iku nuli ditampa. Banjur dianakake pawiwanan climen nanging cukup regeng. Purnaning pawiwanan, para 'paman'-e Bahuka nyuwun pamit bali menyeng desa Soka. Dene Bahuka kango sawetara cumondhok ana desa Girah kumpul lawan sisihane lan maratuwane.

Nalika penganten anyar iku anengahi langen asmara ing sawiji ratri, Bahuka pitakon marang sisihane.

"Cah ayu, apa sliramu tresna



dening.
Wisnu Sri Widodo

marang aku?"

"Lho, priye ta kakang? Yagene kakang isih mundhut pirsia mengkon? Jiwa ragaku sawutuhu wis dakpasrahake marang panjenengan. Aku bakal terus ngladeni kakang ana donya kongsi akherat." wangsulane Retna Manggali teteuh.

"Yen pancek tresna mesthi bakal nuruti kekarepanku!"

"Mesthi, kakang. Mesthi! Apa sapamundhutmu, janji aku bisa nglakoni mesthi dakturuti. Yen perlu aku sauh ngurbanake apa wae kanggo nuruti pepenginan panjenengan."

"Aku kepingin duwe ngelmu kaya ibu Calon Arang."

"Guna-guna lan japa mantra supaya wong liya nandhang lara lan sangsara? Yen kakang kepingin bisa, kudu sinau saka bukune. Buku wasiyat utawa pusaka iku didhelikake primpin dening ibu. Sapa wae ora pareng maca. Yen nganti konangan, mesthi diamuk utawa disiksa nganti mati. Ibu nggawe wadi banget turrap buku iku. Awit ya ana ing buku kekuwatane lan kasektene ibu."

"Saiki sajake ibu sare angler kepati," tembungke Bahuka. "Apa kowe gelem nijupuk buku pusaka iku? Gelem ya cah ayu!! Gelem ya?!" Bahuka

ngesun sisihane. Sing disun ngguyungguyu seneng. Maklum, penganten anyar.

"Apa kakang kepingin banget pirsia? Coba ya dakjupuke."

"Sing ngati-ati ya cah ayu!!" sepisan maneh Bahuka ngesun Retna Manggali. Sing disun krasa bagya mulya.

Olehe turu Calon Arang bener-bener angler kepati. Kanthi alon-alon lan ngati-ati banget, Retna Manggali kasil nijupuk buku pusakane keng ibu, nuli diwenehake sisihane. Bubar nampani buku pusaka, Bahuka prentah supaya Retna Manggali age ngringkesi salin, alesane arep diajak menyang desa Soka, papane

Bahuka. Sinurung rasa tresna lan seneng, eee iha kok Retna Manggali ya semirintih, manut tampa suwala. Pikerane si Retna Manggali, awit kanthi mengkono dheweke ora bakal disengen keng ibu. Apamaneh ing jaba wis cemawis jaran kang bakal nggawa penganten sarimbit iku ninggalake Girah.

Lakune jaran sing ditumpaki penganten anyar sarimbit iku lumaku drap. Retna Manggili ngethapel anget ana rangkulane garwa kinasih. Teka sajabane desa Girah si jaran banjur digelak lumayu nyongklong. Jebul ora menyang desa Soka, nanging bablas tumuju desa Lemah Tulis. Ana padheponkan Lemah Tulis, Retna Manggili ditepungake karo kanca-kancane Bahuka. Uga ditepungake marang bapa Mpu Bharadha. Sabanjure dikon ngaso lan manggon ana omah apik cekli sing wis cumawis.

Retna Manggili ora ngerti apa sing dirembug sisihane lawan bapa Mpu Bharadha. Malah dheweke wis ora ngagagas marang buku wasiyate keng ibu sing dipasrahake marang sisihane. Anane mung seneng lan seneng banget dene urip bebareng-

Kasambung kaca 51

Calon Arang

Sambunge kaca 2

an karo priya sing banget ditresnani lan banget gemati. Dina-dina saban-jure dilakoni Retna Manggali ana omah apik cekli iku bebarengan karo sisihane.

Nanging aneh! Ing sawiji dina ati-ne Retna Manggali krasa ketir-ketir, kebak rasa samar lan nyaranteg banget, kepingin ketemu ibune. Mula age wae Retna Manggali ngajak sisihane tilik keng ibu ing desa Girah. Wiwitane Bahuka arep mopo, nanging bareng ditodhi dening sisihane sing mula ayu manis iku, sidane Bahuka ora bisa nduwa utawa nolak.

Age-age Retna Manggali lan Bahuka budhai meriyang desa Girah. Teksan Girah, Retna Manggali nyumurupi omahe dirubung wong akeh banget. Ora mung Wong-wong karang padesan sacedhake desa Girah kono wae, dalasan pirang-pirang prajurit saka kutharaja uga ana. Ing satengahé latar ngarep omah iku Calon Arang netoget kasudibyan lumawan bapa Mpu haradha. aneh, mung sa-wetara gebrakan pranyata Calon Arang wis katon loyo, ilang kasetkene sebab buku pusakane wis diobong dening Mpu Bharadha. ora mokal

nalika randha Girah iku nyerang kanthi aji pamungkas wis kedhisiikan dening serangane Mpu Bharadha, temah randha Girah iku kасulayah rebah ing lemah.

Retna Manggali mlayoni keng ibu kang gumlethak. Calon Arang isih bisa nyawang sedhela marang anake wadon, banjur oncad nyawane. Ing satengahé nangis, Retna Manggali lagi ngerti yen Bahuka nglamar iku mung saraana njupuk buku pusaka. Retna manggali getut banget.

Ngeres panangisé, "Oh ibu....! Kula lepat, ibu....! Kula nyuwun aksama. Kula dados jalaran sedanipun ibu!" Retna Manggali semaput.

Bahuka age-age mbopong sisihane sing isih sempatu. Ginawa mlebu ngomah sineleh ing peturon sing biyen nate kanggo pengantenan, andon katesnan. Bareng Retna Manggali eling, krasa wis gumlethak ana peturon, ditunggoni sisihane Bahuka. Ing peturon iku Retna Manggali ngrasakake kenikmatan bebarengan karo Bahuka. nanging ah, jebul sisihane iku alate

bapa Mpu Bharadha kanggo ngaraha patine keng ibu Calon Arang. Uh, keparal! Ngono swaraning batine Retna Manggali. Nanging rasa pangigit-igit sajroning batin iku, ora timbang karo kekuwatane Retna Manggali sing lemes ngalentrih, awit campur adhuk antara-ne susah lan getut keduwung.

"Retna Manggali sisihanku sing ba-ngét daktresnani," tembungé Bahuka kanthi kebak ing rasa asih. "Mara age wenininga atimu, tampanana kanyatan iki kanthi eklas lan akal sehat. Sing wis mungkur ben mungkur. Saiki ayo kita ngadhepi dina-dina sing bakal teka kanthi kebak semangat anyar!"

Sidane Retna manggali mupus jroning ati. Dibelanana ibune ya wi mati. Upama arep murina sedane keng ibu iya tanpa guna, jer keng ibu mula nyebar lelara lan agawe sangsarane liyan. Sa-wise kunarpane keng ibu Calon Arang dirukti samurwate, Retna Manggali lan Bahuka nuli miwiti mbukak lembaran urip anyar. Dening Bahuka, reda Durga Mahisurasurawerdani sing biyen dipuja-puja dening Calon Arang, diganti reca Wisnu. Brayat anyar iku ngrasuk agama Hindu aliran Waisnawa, padha karo sing dianut sinuwun Prabu Airlangga. (Tamat).



pramono-08

Lakune jaran sing ditumpaki penganten anyar sarimbit iku lumaku drap. Ratna Manggali ngethapel anget ana rangkulane garwa kinasih.

KUNCI JAWABAN

I. Pilian ganda

1. c	6. a
2. a	7. a
3. a	8. c
4. a	9. a
5. b	10. d

II. Essay

1. - Kita mboten pikantuk niru sifatipun Nyai Calon Arang lan kita boten pareng ngangge ngelmu guna-guna, petang, lan japamantra kangege damel tiyang sanes sengsara.
- boten pikantuk damel cilakaning tiyang sanes”.
2. - Ngelmu petang menika boten pikantuk dipunginaakken kangege tumindak ala.
- Wonten cariyos menika Calon Arang nggadhahi sifat ingkang awon kita boten angsal niru sifatipun.
3. Karingkes cariyos dipun biji, menawi ejaan, isi, kejelasan alur wonten cariyos tepat.
3. Mbok Randha Girah/Calon Arang, Sinuwun Airlangga, Patih Narottama, Mpu Bharadha, Retna Manggali, Nalagati, Gunasemi, Bahuka.
4. Guna-guna lan japamantra supados tiyang sanes nandang lara lan sengsara.

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Siklus I

1. Identitas Sekolah

Nama Sekolah : MTS Al-Islam Bojongsari
 Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
 Kelas/Semester : VII/Gasal
 Alokasi waktu : 2 x 40 menit (1 pertemuan)

2. Standar Kompetensi

2. Menyimak memahami, menaggapi berbagai ragam wacana lisan sastra.

3. Kompetensi Dasar

2.1. Menyimak cerita

4. Indikator

1. Menjelaskan isi cerita.
2. Menjelaskan ajaran moral dalam cerita.
3. Menaggapi isi cerita.

5. Tujuan pembelajaran

1. Siswa dapat menjelaskan isi cerita.
2. Siswa dapat menjelaskan ajaran moral dalam cerita.
3. Siswa dapat menaggapi isi cerita.

6. Materi Pembelajaran

Teks bacaan cerita rakyat “Putri Purbawati” (Teks terlampir).

I. Paringana tandha (x) ing wangsulan A, B, C, utawi D ingkang leres.

1. 1) Jaka Taruna	4) Jaka Umbaran
2) Pangeran Situbondo	5) Kusumaayu Purbawata
3) Jaka Jumput	6) Adipati Cakra

Asmanipun tokoh wonten cariyos Putri Purbawati ingkang leres inggi punika.....

a. 1, 2 lan 3	c. 1, 2 lan 4
b. 1, 3 lan 5	d. 1, 2, 3 lan 5

2. Kusumaayu Purbawati kagungan sifat kadospundi.....

- Boten sabar
- Becik uga boten tega
- Awon
- Centil

3. Wonten cariyos wau tokoh utamanipun inggih punika.....

- Jaka Jumput
- Nyai Harjabandha
- Pangeran Situbondo
- Adipati Jayanegara

4. Wonten cariyos Putri Purbawati wau wonten 3 jejaka, jejaka ingkang gadhah budhi luhur inggih punika.....

- Pangeran Situbondo
- Jaka Taruna
- Jaka Jumput
- Siwa Adipati Cakraningrat

5. Kusuma Ayu Prabawati kagungan panyuwun kaliyan pangeran Situbondo supados babad.....

- Babad alas Surabaya
- Babad alas Madura
- Babad alas Kediri
- Babad alas Jepara

6. Pangeran Situbondo nalika babad alas kabantu dening?

- Gajah Manga lan Gajah Seta
- Jaka Taruna
- Gajah Seta lan Gajah Manggala
- Jaka Jumput

7. Manapa jalaran Pangeran Situbondo murka kaliyan Jaka Taruna.....

- Amargi Jaka Taruna ngapusi menawi Kusumaayu Purbawati sampun dangu andon asmara kaliyan Jaka Taruna.
- Amergi Kusumaayu Purbawati mboten purun dados garwanipun Pangeran Situbondo.
- Amegi Jaka Taruna mboten sopan
- Jaka Taruna nyuwun adu kasekten kaliyan Pangeran Situbondo

8. Sanajan dereng resmi Kusuma Ayu Purbawati menika calon garwanipun.....

- Pangeran Situbondo
- Jaka Taruna
- Jaka Jumput
- Pangeran Jumput

II. Wangsulana pitaken ing ngisor iki kanthi cekak aos!

1. Karingkesa caritas Putri Purbawati kanthi cekak aos!
2. Saking cariyos Putri Purbawati saged kapethik piwulang manapa?
3. Kados pundi pamanggih para siswa ngengengi cariyos Putri Purbawati menika?
4. Jaka Jumput gadhah budi ingkang?
5. Pecut Gumbolo geni saged mubeng lan?

7. Metode Pembelajaran

Ceramah, Tanya Jawab, Setrategi Pembelajaran Ekspositori.

8. Langkah-langkah Kegiatan Pembelajaran (2 x 40 menit)

No	Kegiatan	Keterangan	Waktu
1	Pendahuluan	a. Pembukaan (mengkondisikan kesiapan siswa) b. Apersepsi	5
2	Inti	a. Guru membacakan cerita “Putri Purbawati” b. Siswa mendengarkan cerita d. Siswa menjawap pertanyaan isi bacaan c. Guru melakukan penilaian	40
3	Penutup	a. Memberi kesempatan siswa bertanya b. Menyimpulkan materi	10
4	Tindak lanjut	Penugasan (siswa menjawab soal pilihan ganda dan essay)	25

9. Alat/sumber belajar

- a. Alat belajar : *hand out*
- b. Sumber belajar: Djaka Lodhang edisi 48, 2 Mei 2009 halaman 2 dan 51.

10. Media pembelajaran

Hand out

11. Penilaian

- a. Teknik penilaian : Test.
- b. Bentuk Instrumen : pilian ganda 10, esay 5.

12. Evaluasi

No	Indikator	Instrument	Kriteria	Skor
1	Siswa dapat menjelaskan isi cerita	- PG	- Ketepatan isi	10
		- Karingkesa cariyos Putri Purbawati kanthi cekak aos!	- Ketepatan isi	4
		- Jaka Jumput gadh budi ingkang?	- Ketepatan isi	4
		- Pecut Gumbolo geni saged mubeng lan?	- Ketepatan isi	4
2	Siswa dapat menjelaskan ajaran moral	- Saking cariyos Putri Purbawati saged kapethik piwulang manapa?	- Ajaran moral	4
3	Siswa dapat menaggai isi cerita	- Kados pundhi pamanggih para siswa ngengenggi cariyos Putri Purbawati nenika?	- Pendapat siswa	4
Skor				30

13. Kriteria penilaian

- a. Panduan Pilian Ganda

No	Jenis Soal	Skor	Kriteria
1	PG	10	Untuk jawaban tepat

b. Panduan Uraian

No	Jenis Soal	Skor	Kriteria
1	<p>Menjelaskan Isi</p> <p>a. Karingkesa cariyos Putri Purbawati kanthi cekak aos! (soal no 1)</p>	<p>4</p> <p>3</p> <p>2</p> <p>1</p>	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila ejaan, isi, kejelasan alur pada cerita tepat. - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat. - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat. - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat.
	<p>b. Jaka Jumput gadh budi ingkang? (soal no 4)</p>	<p>4</p> <p>3</p> <p>2</p> <p>1</p>	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila ejaan, isi, kejelasan alur pada cerita tepat. - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat. - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat. - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat.
	<p>c. Pecut Gumbolo geni saged mubeng lan? (soal no 5)</p>	<p>4</p> <p>3</p> <p>2</p> <p>1</p>	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila isi sesuai dengan cerita, ejaan tepat dan runtut - Apabila satu diantara ketiga kriteria (isi sesuai dengan cerita, ejaan tepat, runtut) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (isi sesuai dengan cerita, ejaan tepat, runtut) kurang tepat. - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat.

2	<p>Ajaran Moral</p> <p>- Saking cariyos Putri Purbawati saged kapethik piwulang manapa? (soal no 2)</p>	4	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila siswa dapat menyebutkan ajaran moral, ejaan tepat dan tidak menggunakan bahasa Indonesia.
		3	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ajaran moral, ejaan, tidak menggunakan bahasa Indonesia) kurang tepat.
		2	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ajaran moral, ejaan, tidak menggunakan bahasa Indonesia) kurang tepat.
		1	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat.
3	<p>Pendapat Siswa</p> <p>- Kados pundhi pamanggih para siswa ngengingi cariyos Putri Purbawati nenika? (soal no 3)</p>	4	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila kesesuaian isi, ejaan tepat dan tidak memakai bahasa Indonesia.
		3	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila satu diantara ketiga kriteria (esesuaian isi, ejaan tepat, tidak memakai bahasa Indonesia) kurang tepat.
		2	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila dua diantara ketiga kriteria (esesuaian isi, ejaan tepat, tidak memakai bahasa Indonesia) kurang tepat.
		1	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat.

Nilai = Pilihan ganda + essay X 100 = Nilai akhir

30


Kriteria keberhasilan :

Dikatakan berhasil jika siswa mendapat nilai minimal 65

Nilai akhir = Skor maksimum

Bojongsari, 5 Agustus 2011


Mengetahui,
Guru Kelas



(Ngadmin)

NIP. 130297109

Pengamat



(Laras Wigati)

NIM. 07205244186

Crita Rakyat

Kanti te-kad kang kenceng

Jaka Taruna ana ke ran-dha sugh nyai Harja-bandha ing Kediri, bu-dhal menyang dalam kadipaten ing Suraba-ya. Kanthi kuwanen kang kendel, Jaka Ta-runa kasil miebu ta-mansari kadipaten lan kasil uga sapejagong kalayan kusumaayu Purbawati. Lega atine si Jaka sawise kelakon nelakake katesnane marang si kenyu ayu sing tansah diimpi-impi. Nangng bab iku malah agawe bingung pe-nggaline putri Purbawati.

"Kakang Taruna, apa wis kok pikir tenan-dne sira darbe ka-rep ngrabi aku?"


"Dhul sang putri. Aluwung kula dumugi pejah menawi mboten kelampahan nggarwa paduka sang ayu."

"Pati lan urip iku du-du wewenangng manungsa, kakang!! Nangng muhung ana astane Pangeran kang akarya jagad."

"Menawi sang ayu nampik karesnan kula, kula ekhlas pejah de ning curiga tuwin asta paduka."

"Aku dudu bangsane jagal manungsa, kakang. Nangng mangertia, senadyan ta durung jeneng resmi, aku gina-dhang dadi calon garwane pangeran Situbondo putrane siwa adipati Cakraningrat ing Sumenep, Madura. Malah iki dina kakang Situbondo nedheng minangkani panyu-wunku babad alas Surabaya. Sinurung rasa simpatiku marang keken-delanmu, coba nembunga marang kakang Situbondo. Yen kakang Situbondo rila, aku saguh dadi sisihamu. Sira bakal dakladeni ana ing do-nya kongsi delahan. Mula age temon-ana kakang Situbondo saiki uga!!"

Lumantar pitudhe sang putri, Ja-ka Taruna gegancangan tumuju pa-



pane pangeran Situbondo kang nem-be babad alas kabantu dening Gajah Seta lan Gajah Manggala. Cingak sang pangeran Situbondo, nallika Ja-ka Taruna kanthi trapsila, ature, "Pan-geran kathik mempeng temen ngeng jengandika babad wana. Me-napa boten kesel, pangeran?"

"Kisanak. Ya iki abot-abote arep nggarwa putri ayu." "Menapa pangeran badhe nggarwa kusumaayu Purbawati?" "Lha genah iya, ngono kok! Apa sira durung krungu yen aku iki calon mantu dalam paman adipati Jayane-gara?!"

"Lho, mangka kusumaayu Purbawati menika sampaun dangu anggen-ipun andon asmara kalyan kula!" Ja-ka Taruna goroh. "Malah sang-ayu prasaja dhateng kula bilih sanget getun dene kelajeng setengah nyagahi panjenengan. Mila dhateng kula ing ngriki kautus dening sang ayu, sepi-

san njabel kesagah-anipun sang ayu dhateng panjenengan. Kaping kalih, ngiras pantes nyuwun rila-ning penggalih panje-nengan bilih putri Purbawati badhe enggal kawiwha sa-ha kabayangkare ka-lihan kula minangka jodho ingkang pinas-thi saha pinasthining jodho."

Prempeng, broll!! Muntap dukane pa-ngeran Situbondo kang uga duwe wat-ak brangasan. Lang-sung wae pangéran iku mbalangake pecok kang cinekel ma-rang sang anyar katon. Begia dene Jaka Taruna kanthi nge- ged bisa endha, temah kalis saka beba-ya pati. Marbabak bang sumirat wadana-nane pangeran Situ-bondo, mangah-ma-nangkay kembang wora-wari bang. Sar-wi tuding-tuding sang

pangeran nggempromg manabda se-reng.

"Setan alas kowe manungsa ora-tata! Wis jeleh urip kowe, keparat! Apa durung krungu yen putrane adipati Cakraningrat ing Madura iki sura sekti mandraguna?! Mara age, tam-pana seranganku! Hiyaat...!"

Pangeran Situbondo nyerang sa-rana jurus 'Clurit Kembar' sawijine jurus kang nate disinau ana paguron 'Trate Putih' ing Bangkalan. Upama sing diserang dudu Jaka Taruna, mes-thi wis sirma marga layu. Nangng tilas murid paguron "Cocak cemani" ing perenge gunung Penanggungan iku mung mesem satleraman nallika ngadhepi serangan sing satemene mbe-bayani iku. Sarana ndhisiki koprol memburi kaping telu, seranganne pa-ngeran Situbondo wis gagal, bisa di- endhani dening Jaka Taruna. Saun-

Kasambung kaca 51

Putri . . .

Sambunge kaca 2

tara iku Gajah Seta lan Gajah Mangala gunung ngungun dene si anyar katon bisa ngimbangi kridhane se-sembahane.

Jengkel atine pangeran sing brangsan iku dene serangane tansah gagal, malah panjenengane makaping-kaping oleh jotos lan tendhang. Saking jengkele null mbengok, "Paman Gajah sakarone! Genea padha ndlongop? Ayo padha dilawan manungsa elek iku srana dikruber telu!"

Nampa prentase sang pangeran, Gajah Seta lan Gajah Mangala enggal-enggal ambyur marang pabaratan, mbantu sesembahane, ngroyok Jaka Taruna sing arep ngrebut putri Purbawati. Mesthi wae Jaka Taruna banjur karoban lawan satemah kethetheran tandhang. Rumangsa ora bakal bisa menang, kapeksa je-jaka anake nyai Harjabandha saka titah Kedhiri iku ngoncati.

Ana gempalaning carita kinarya memansising tulis. Ing trukan anyar sing jeneng Praban, ana tunggak jarak mrakjak. Ing ngatase mung anake warandha sing penguripane saben dina doodol jamu gendhong, ewadene Jaka Jumput duwe kaluwihan pinunjul. Ora mung iuwih ing bab prigel beladhiri lan baud ulah kanuragan, nanging uga luhur budine, dhemen tetulung marang sepa wae sing perlu kaitulungan.

Kira-kira wae Jaka Jumput isih tedhak turune priyagung Mataram kang gugur nalika geger Pecinan. Nulli warandhane ngajak anake ninggalake kutharaja Kartasura, nglembara ngungsi urip menyang Surabaya. Nalika Jaka Taruna njaluk bantuan marang Jaka Jumput, anake bakul jamu iku ora kaboton. Si bakul jamu mangestoni budhale anake tetulung, kanthi digawani pusaka tinggalane swargi keng ramane, kang aran 'Pecut Gumbo-

logen'i.

Pangeran Situbondo lan rowange loro bingung kethetheran nalika kudu nglawan Jaka Jumput kang gegaman 'Pecut Gumbologeni'.

Prnyata pecut iku bisa mubeng seser ngetokake geni lan hawa panas sing panase kagila-gila. Bareng pangeran Situbondo weruh abdine loro mati, age malayu ninggal payudan lan ngungsi ing papan kang saiki aran kutha Situbondo.

Ngerti yen sang pangeran kalah, Jaka Taruna null sowan sang adipati Jayengrana, matur yen sang Situbondo gagal anggone babad alas. Uga matur, saka pasetujone putri Purbawati, pangeran iku dikalahake Jaka Taruna amrih gagal dhaup kalawan sang aya. Gandheng pangeran saka Madura iku wis bisa dikalahake, mula Jaka Taruna nyuwun dhaup lawan putri Purbawati. Durung nganti sang adipati wangsulan, kedadak sowane Jaka Jumput kah matur yen dheweke sing ngalahake pangeran Situbondo, mula nyuwun kadhaupake lawan sang putri. Sang adipati dadi judheg. Nulli diputusake, jejaka lelorone bakal dieduh ing glanggang payudan, nanging aja nganti ana sing mati. Sing menang bakal dhaup kalawan putri Purbawati.

Kanthy dadakan kadipaten Surabaya yasa glanggang payudan ana alun-alun. Kanthy tinonton para narapraja wadya lan kawula kadipaten Surabaya, Jaka Taruna tanding yuda lawan Jaka Jumput. Lelorone padhadene prigel ulah kanuragan. Wernawerna jurus kang binabar, agawe ngungun kang padha nonton. Nalika Jaka Taruna arep namakake aji pamungkas, Jaka Jumput niyat mungkasi payudan iku srana pusaka Pecut Gumbologeni.

Seser muser ubenge pecut, Jaka Jumput kaya bebeteng geni, temah Jaka Taruna ora bisa nyerang srana aji pamungkas. Malah nalika Jaka Taruna ketaman Pecut Gumbologeni, ambruk tanpa daya nadyan cetha yen isih urip. Jaka Jumput dinyatakan menang, lan wenang nggarwa putri Purbawati.

Nalika kadipaten Surabaya duwe gawe mantu lan Jaka Jumput jejer dadi pinanganan kakung, binojawiwa lan binayang-kare, ana luh tumetes ing pipine nyai Mertagati si bakul jamu, awit jrone bungah anake pinahargya iku, dheweke kelingan marang kakunge, Tumenunggung Mertagati sing wis swargi, kang dadi kurban perang ing Kartasura.

♦ ♦ ♦



"Kakang Taruna, apa wis kok pikir tenanan dene sira darbe karep ngrabi aku?"

KUNCI JAWABAN

I. Pilian Ganda

1. a	6. c
2. b	7. a
3. a	8. a
4. c	9. c
5. a	10. b

II. Esay

1. Karingkes cariyos dipun biji, menawi ejaan, isi, kejelasan alur wonten cariyos tepat.
2. - Menawi badhe tumindak kedah dipunmanah utawi dipun etang rumiyin.
- tulung tinulung.
3. - Wonten cariyos Putri Pubawati menika Putri kagungan sifat ingkang becik lan welas asih”
- Wonten cariyos menika kita angsal piwulang kedah tulung tinulung marang kabecikan.
4. Luhur.
5. Ngetokaken geni lan hawa panas kang panase ngilat-ngilat.

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN
Siklus II

1. Identitas Sekolah

Nama Sekolah : MTS Al-Islam Bojongsari
 Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
 Kelas/Semester : VII/Gasal
 Alokasi waktu : 2 x 40 menit (1 pertemuan)

2. Standar Kompetensi

2. Menyimak memahami, menaggapi berbagai ragam wacana lisan sastra.

3. Kompetensi Dasar

2.1. Menyimak cerita

4. Indikator

1. Mejelaskan isi cerita.
2. Menjelaskan ajaran moral dalam cerita.
3. Menaggapi isi cerita.

5. Tujuan pembelajaran

1. Siswa dapat menjelaskan isi cerita.
2. Siswa dapat menjelaskan ajaran moral dalam cerita.
3. Siswa dapat menaggapi isi cerita.

6. Materi Pembelajaran

Teks bacaan cerita rakyat “Hanggawangsa Kridha” (Teks terlampir).

I. Paringana tandha (x) ing wangsulan A, B, C, utawi D ingkang leres.

1. Sinten ingkang mboten setuju nalika Sala sakiwe tengene desa kanggo kraton lan kutaharjo Mataram?

a. Adipati Sambar	b. Sri Susuhunana Pangkubuwono II
c. Adipati Sambarawa	d. Eyang Hanggawangsa
2. Eyang Hanggawangsa kalaksanan aduarep lawan?

a. Adipati Sambarawa	c. Sri Susuhunana Pangkubuwono II
b. Adipati Sambar	d. Adipati Anom
3. Nalika Eyang Hanggawangsa kalakon aduarep lawan Adipati Sambarawa, nalika Adipati saweg mbendung?

a. Bangawan Sala c. Lepen Citayem
b. Lepen Citandui d. Bangawan Solo

4. Sinten ingkang badhe nyobi ngrangket Adipati Sambarawa?
a. Adipati Anom c. Eyang Hanggawangsa
b. Sri Susuhunan Pangkubuwono II d. Eyang Hangwangsa

5. Adipati Sambarawa kang kumawani bakal ngelem kraton anyar Surakarta Hadiningrat kanthi mbendung?
a. Bangawan Solo c. Lepen Citandui
b. Lepen Citayem d. Bangawan Sala

6. Boten perlu sinuwun, cekap berkah sang *katong*.
Tembung wonten inggil punika ingkang kacitak miring gadhah teges....
a. Gusti c. Prajurit
b. Abdi d. Ratu

7. Eyang Hanggawangsa nalika ngadepi Adipati Sambarawa migunaake jurus?
a. Tebak Bantala c. Clurit Kembar
b. Dewa Langit Nembak Bumi d. Tebak Bantal

8. Dewa Langit Nembak Bumi menika jurus ipun?
a. Eyang Hanggawangsa c. Sri Susuhunana
Pangkubuwono II
b. Adipati Sambarawa d. Adipati Sambar

9. Adipati Sambarawa saged dipun pejaih migunakaken?
a. Jala Sutra Tampang Kencana c. Tebak Bantala
b. Dewa Langit Nembak Bumi d. Braja Musti

10. Eyang Hanggawangsa kasil mupu sayembaraning praja Surakarta Hadiningrat, mula banjur pinaringan ganjaran?
a. Bumi kaliyoso sapangalore kalebu uga wilayah kalijambe, Gemolong, Miri lan Sumberlawang.
b. Bumi kaliyoso kalebu mula desa Kalijambe.
c. Gemolong
d. Sumberlawang.

I. Wangsulana pitaken ing ngisor iki kanthi leres!

1. Kados pundi pamanggih para siswa ngengingi cariyos Hanggawangsa Krida?
2. Manapa piwulang ingkang saged kapethik saking cariyos Hanggawangsa Krida?
3. Karingkesa cariyos Hanggawangsa Krida kanthi cekak aos!
4. Eyang Hanggawangsa kasil mupuh sayembaraning praja Surakarta Hadiningrat, mula banjur pinaring ganjaran?
5. Nalika Eyang Hanggawangsa nyerang Adipati Sambarawa ngange jurus “tebak bantala” banjur Adipati Sambarawa migunaake serangan balik ngange jurus?

7. Metode Pembelajaran

Ceramah, Tanya Jawab, Strategi Pembelajaran Ekspositori.

8. Langkah-langkah Kegiatan Pembelajaran (2 x 40 menit)

No.	Kegiatan	Keterangan	Waktu
1.	Pendahuluan	a. Pembukaan (mengkondisikan kesiapan siswa) b. Apersepsi	5
2.	Inti	a. Guru membacakan cerita “Hanggawangsa Kridha” b. Siswa mendengarkan cerita d. Siswa menjawap pertanyaan isi bacaan c. Guru melakukan penilaian	40
3.	Penutup	a. Memberi kesempatan siswa bertanya b. Menyimpulkan materi	10
4.	Tindak lanjut	Penugasan (siswa menjawab soal pilian ganda dan essay))	25

9. Alat/sumber belajar

- a. Alat belajar : *hand out*
- b. Sumber belajar: Djaka Lodhang edisi 45, 11 April 2008 halaman 2 dan 51.

10. Media pembelajaran

Hand out

11. Penilaian

- a. Teknik penilaian : Test.
- b. Bentuk Instrumen : pilian ganda 10, esay 5.

13. Evaluasi

No	Indikator	Instrument	Kriteria	Skor
1	Siswa dapat menjelaskan isi cerita	<ul style="list-style-type: none"> - PG - Karingkesa cariyos Hanggawangsa Krida kanthi cekak aos! - Eyang Hanggawasa kasil mupuh sayembaraning praja Surakarta Hadiningrat, mula banjur pinaring ganjaran? - Nalika Eyang Hanggawasa nyerang Adipati Sambarawa migunaake jurus “tebak batala” banjur Adipati Sambarawa migunaake serangan balik ngange jurus? 	<ul style="list-style-type: none"> - Ketepatan isi - Ketepatan isi - Ketepatan isi - Ketepatan isi 	<ul style="list-style-type: none"> 10 4 4 4
2	Siswa dapat menjelaskan ajaran moral	- Manapa piwulang ingkang saged kapethik saking cariyos Hanggawangsa Krida?	- Ajaran moral	4
3	Siswa dapat menaggai isi cerita	- Kados pundhi pamanggih para siswa ngengingi cariyos Hanggawangsa Krida?	- Pendapat siswa	4
Skor				30

14. Kriteria Penilaian

a. Panduan Pilian Ganda

No	Jenis Soal	Skor	Kriteria
1	PG	10	Untuk jawaban tepat

b. Panduan Uraian

No	Jenis Soal	Skor	Kriteria
1	<p>Menjelaskan Isi</p> <p>a. Karingkesa cariyos Hanggawangsa Krida kanthi cekak aos! (soal no 3)</p>	4 3 2 1	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila ejaan, isi, kejelasan alur pada cerita tepat - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat
			<ul style="list-style-type: none"> - Apabila ejaan, isi, kejelasan alur pada cerita tepat - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat
			<ul style="list-style-type: none"> - Apabila ejaan, isi, kejelasan alur pada cerita tepat - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ejaan, isi, kejelasan alur) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat
2	<p>Ajaran Moral</p> <p>- Manapa piwulang ingkang saged kapethik saking cariyos Hanggawangsa Krida? (soal no 2)</p>	4 3 2	<ul style="list-style-type: none"> - Apabila siswa dapat menyebutkan ajaran moral, ejaan tepat dan tidak menggunakan bahasa indonesia - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ajaran moral, ejaan, tidak menggunakan bahasa indonesia) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ajaran moral, ejaan, tidak menggunakan bahasa indonesia) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat
			<ul style="list-style-type: none"> - Apabila siswa dapat menyebutkan ajaran moral, ejaan tepat dan tidak menggunakan bahasa indonesia - Apabila satu diantara ketiga kriteria (ajaran moral, ejaan, tidak menggunakan bahasa indonesia) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (ajaran moral, ejaan, tidak menggunakan bahasa indonesia) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat

		1	menggunakan bahasa indonesia) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat
3	Pendapat Siswa - Kados pundhi pamanggih para siswa ngengengi cariyos Hanggawangsa Krida? (soal no 1)	4 3 2 1	- Apabila kesesuaian isi, ejaan tepat dan tidak memakai bahasa indonesia - Apabila satu diantara ketiga kriteria (esesuaian isi, ejaan tepat, tidak memakai bahasa indonesia) kurang tepat - Apabila dua diantara ketiga kriteria (esesuaian isi, ejaan tepat, tidak memakai bahasa indonesia) kurang tepat - Apabila ketiga kriteria tersebut ada tetapi tidak tepat

Nilai = Pilihan ganda + esay X 100 = Nilai akhir

30

Kriteria keberhasilan :

Dikatakan berhasil jika siswa mendapat nilai minimal 65

Nilai akhir = Skor maksimum

Bojongsari, 12 Agustus 2011

Mengetahui,
Guru Kelas

(Ngadmin)

NIP. 130297109

Pengamat

(Lara Wigati)

NIM. 07205244186

Crita Rakyat

Dening Wisnu Sri Widodo

Hanggawangsa Kridha

Jaman Surakarta awal, abad kaping 18 Masehi.

Adipati Sambarawa ora setuju lamun desa Sala sakawa tengene kanggo kraton lan kutharaja Mataram, mula banjur mbalela suthik manunggal mring kraton Surakarta Hadiningrat. Lelakan iku yekti gawe kodhenge Sri Susuhunan Paku Buwono II. Mula sri-nata nuli nglumpukake para sesepuh lan nimbal sanggya narapraja kependhutan wawasan, kepriye prayogane ngadhepi adipati sing sekti iku. Ewadene cukup angel endi cara kang pantas pinilih kanggo ngilangi klilip iku. Pepuntoning rembug, Sri Susuhunan Paku Buwono II kepareng yasa sayembara: Sapa bisa mikut adipati Sambarawa urip utawa mati, bakal pinaringan ganjaran gedhe.

Sawetara wektu dhawulu wis rumantah, nanging durung ana kang nyaguh. Mula lenggah Eyang Hanggawangsa age ngangseg mangarsa, nuli ature, "Punten dalem sewu Sinuwun. Gegayutan klayan sayembara nagari, kadospundi menawi kula nyobi ngrangket pun Sambarawa, nun."

"Kados boten klenut menawi ndika piyambak ingkang badhe mpu sayembara menika, Eyang. Malah da-

hat kapasang yogi, awit mila ndika ketiban tanggeljawab kange lu-lusing lampah tumrap tata kaprajan samangke."

Srinata aris manabda, banjur, "Menapa ndika mbetahaken pambiyantu wadya sagear seapan, Eyang? Menawi perlu kakang patih Sasradiningrat siyaga."

"Boten perlu sinuwun, cekap berkah sang Katong."

Mundur saka ngarsaning nata, Eyang Hanggawangsa tindak magitiga kaselak adu arep lawan killip-ing praja. Apamaneh saka goteking akeh, yen saya keliwat konga-se adipati Sambarawa kang kumawani bakal ngelem kraton anyar Surakarta Hadiningrat sing durung sempurna pembangunane, kanthi mbendung Bengawan Sala. Adipati Sambarawa sesumbar, lamun kabendunge Bengawan Sala, kabeut banyuning bengawan bakal ngelebi kraton anyar lan sakiwa-tengene. Uninga sesumbar adipati Sambarawa ngono iku saya murub dukane Eyang Hanggawangsa. Lamun bisa kinocap dukane Eyang Hanggawangsa kaya lamun sinabeta marang sagehdeng, bell.... murub dahana mubyar wis datan bisa dipambengi maneh. Yekti golonging tekade kepingin adu arep, naker wareng nganti bontos ing ngendi kawegigane adipati Sambarawa

dene nganti wani-wani sesumbar macia-cia, bakal ngelem kraton lan kutharaja Mataram ing Surakarta.

Kaleksanan Eyang Hanggawangsa adu arep lawan adipati Sambarawa kang bikut lagi mbendung Bengawan Sala. Ing telenge batin Eyang Hanggawangsa pancen datan mokal-ake lamun adipati Sambarawa keladuk ing kuwanene. Awit lamun ndeleng priyayine pancen sembada, dedege pideksa, dhasar isih wutuh tumrap karosaning badan.

"Hei, wong gerang dhaplok-an, ana wigati apa kowe teka kene ngganggu-gawe nggonku tumandang mbendung Bengawan Sala?" Mengkono tembung adipati Sambarawa nali-ka sumurup Eyang Hanggawangsa teka nyaketi. Pranyata sesumbare adipati iku ora mung mandheg ing pangucap, buktine ing madyane Bengawan Sala dheweke wis bikut tumandang.

"Hei, adipati Sambarawa! Genea kowe wis kelangan satataning narapraja, tetela supe marang tata kautaman, teka tekan semono tumindakmu kanggo nyilakakake wong akeh?"

"Hanggawangsa! Aja odo wewaruh ing papan iki! Apamaneh dina kapan aku dhedheku ngaku dadi muridmu, kathik teka-teka kowe wewaruh marang aku?" Sora wangslane si adipati.

"Ora kok aku kumalancang wewaruh marang kowe, Sambarawa. Nanging elinga lamun tumindakmu iku wis linggar saka tata kamanungan lan garising kautaman. Sepisan, sira bakal mbalela marang panguwasa Mataram. Kapindho, sira bakal ngelem kraton sarta kutharaja Surakarta Hadiningrat, apa ora ngerti yen tumindakmu iku bakal nggawa bebanter akeh banget?"

"Mbuuh ora urusan! Sing baku aku wis ora sudi dikongkon dhedheku marang Paku Buwono II sing nyatane gedheg-anthuk-Kumpeni Walanda.

Kasambung kaca 51

Hanggawangsa....

Sambunge kaca 2

Malah ngerita heh Hanggawangsa, sadurunge kutha lan kraton Surakarta sempurna, wis bakal kelem dening banyu Bengawan Sala!" Ngono wuwuse adipati Sambarawa sarwi tebah-tebah jaja angewak-ewakake.

"Yen ngono aku sing bakal mbengki karepmul!"

"Ha ha ha ha ha.....!! Aja nglin-dur kowe wong gerang-dhaplokan! Wis dadi anteping karepku, sapa wani memalangti tekadku, bakal sira dening tanganku! Ngeriti??"

"Bagus! Dak-kira kowe sing mati luwih dhisik! Hiaattt!" Eyang Hanggawangsa mbengok sarwi langsung nyerang negeget sarana jurus 'Tebak Bantala'. Begia dene sing diserang wis pasang kuda-kuda, mula kanthi minger se-thithik wae wis bisa uwah saka bebaya. Adipati Sambarawa nganakake serangan balik sarana nggempur lawan kanthi jurus 'Dewa Langit nebak bumi' kinanthen te-naga njero sing keliwat nggengirisi. Eyang Hanggawangsa ora niyat endha, nanging nangkis kinanthen aji-aji 'Brajamusthi'. Tarunge gem-puran sing nyerang lan tangkisan sing diserang nuwuhake swara 'dhess'. Lelorone padhadene melerat memburu nganti sawetara jangkah adoho.

Lelorone padha adu kasekten lan tandhing aji jaya kawijayan. Padhadene mamerake sawernaning jurus simpenane.

Jeleh samya tandhing yuda sarana ngelmu kanuragan-beladhiru

tangan kosong. Lelorone padhadene wulet kulite. Bebasan tinatah mendat jinara menter, tan tedhas tapak-palune pandhe lan sisaning gurinda, nuli padha adu ulah sanjata.

Jeleh adu sanjata, lelorone nuli ngumbar kasekten sranan ngumbar kemayan, guna-dhesthi lan aji jaya kawijayan. Siji lan sijine padha emoh dungkuli lawan. Nanging wekasan Eyang Hanggawangsa mencolot ning-galake madyane Bengawan Sala.

Ngira yen Eyang Hanggawangsa tinggal glanggang colongplayu, adipati Sambarawa mbacutake olehe mbendung Bengawan. Nanging jebul Eyang Hanggawangsa ora niyat tinggal payudan, amung lura cara amrih karampungane sedya. Katitik Eyang Hanggawangsa milau menyang pantu pusaka jrone kraton Surakarta, mun-

"Aja kok kira aku sing wis tuwa iki niyat tinggal glanggang colong playu. Sambarawa! Aku niyat mbacutake anggon kita padha tandhing yuda!" panantange Eyang Hanggawangsa.

"Sagedhingmu dekladeni, Hanggawangsa!!"

"Ayo saiki aku lan kowe betah-betahan slulup ana kedhung satengahe Bengawan iki kanthi nggawa senthir. Sapa njedhul saka banyu dhisik lan senthire mati, iku sing kalah."

"Bagus, tontonen kasektenku!!" wangsalan ngono adipati Sambarawa banjur ndhisiki slulup ana njero kedhung sarwi nggawa senthir mu-rub. Trengginas Eyang Hanggawangsa migunakake 'Jala Sutra Tampang Kencana'. Banjur kringkel, adipati Sambarawa ora bisa bangga. rinangket.



Lelorone padha adu kasekten lan tandhing aji jaya kawijayan. Padhadene mamerake sawernaning jurus simpenane.

dhut ngampil pusaka 'Jala Sutra Tampang Kencana', terus ginawa bali menyang papane adipati Sambarawa, niyat mbacutake banduyuda maring kang nedya gawe memala.

"Lho, wong gerang dhaplokan bali maneh? Dakkira kowe wis modar dibadhog sona. Tekamu kene arep so-roh nyawa apa?" Adipati Sambarawa kasar semanta.

katur Ingkang sinuwun Paku Buwono II, banjur kapidana dening Pradata Agung.

Eyang Hanggawangsa kasil mupu sayembaraning praja Surakarta Hadiningrat, mula banjur pinaringan ganjaran bumi Kaliyoso sapengalor, kalebu uga wilayah Kalijambe, Gemolong, Miri lan Sumberlawang.

[Tamat]

KUNCI JAWABAN

I. Pilian Ganda

1. b	6. d
2. a	7. a
3. a	8. b
4. c	9. a
5. d	10. a

II. Esay

1. - Menawi wonten perkawis kedah dipunrembag rumiyin ampuン grusa-grusu.
 - Wonten cariyos menika Adipati Sambarawa kagungan sifat ingkang awon inggih menika mbrontak dhateng Negri/Kraton.
2. - Menawi janji ampuン dipunblenjani.
 - Kita kedah ngupados ingkang estu manapa mawon ingkang dipunjangka.
3. Karingkes cariyos dipun biji, menawi ejaan, isi, kejelasan alur wonten cariyos tepat.
4. Bumi kaliyoso sapangalore kalebu uga wilayah kalijambe, Gemolong, Miri lan Sumberlawang.
5. Dewa Langit Nebak Bumi.

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN
Siklus III

1. Identitas Sekolah

Nama Sekolah : MTS Al-Islam Bojongsari
 Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
 Kelas/Semester : VII/Gasal
 Alokasi waktu : 2 x 40 menit (1 pertemuan)

2. Standar Kompetensi

2. Menyimak memahami, menaggapi berbagai ragam wacana lisan sastra.

3. Kompetensi Dasar

2.1. Menyimak cerita

4. Indikator

1. Menjelaskan isi cerita.
2. Menjelaskan ajaran moral dalam cerita.
3. Menaggapi isi cerita.

5. Tujuan pembelajaran

1. Siswa dapat menjelaskan isi cerita.
